



Zouti Pati B – Agresyon Seksyèl

Fòmilè Konsantman Pasyan Pou Rasanble epi Pataje oswa Konsève Prèv

ATACHE ETIKÈT PASYAN
Oswa Mete Non Pasyan an: _____

<u>Lòt Enfòmasyon:</u>	
Telefòn Pasyan an:	Imel Pasyan an:
Non Lokal la:	

Enstriksyon: Fòmilè sa la pou lè yon pasyan ki sibi agresyon seksèl oswa yon moun ki responsab bay otorizasyon pou rasanble prèv. Tanpri mete inisyal pasyan an/moun responsab la sou liy ki la pou sa; siyati konplè obligatwa pa anba nan fòmilè a.

Yon minè ki gen matirite ki vin nan depatman ijans lopital la ka chwazi bay oswa pa bay konsantman l, san paran l pa enplike, pou gen yon egzamen medikal-legal ki fèt, nan kad swen l ap resevwa aprè li fin sibi yon agresyon seksyèl.

Fòmilè konsantman sa a pa la pou dekri tout sa k gen nan yon egzamen medikal-legal. Pasyan an dwe bay yon konsantman ki baze sou bonjan enfòmasyon pandan egzamen an ap dewoule pa mwayen kominikasyon vèbal k ap fèt ant moun k ap fè egzamen an, pasyan a ak moun responsab la, si gen youn. Konsève fòmilè sa nan dosye medikal elektwonik pasyan an. Yo dwe bay moun ki gen otorizasyon an yon kopi (pasyan an ak/oswa moun responsab la) ak otorite ki la pou fè lalwa respekte, si yo ale.

Konsantman pou Rasanble Prèv Konsènan Agresyon Seksyèl ki Fèt Akoz Dwòg

Mwen dakò pou founisè a egzamine m epi rasanble prèv ki gen rapò ak agresyon seksyèl grasa *Zouti Eta Nouyòk Bay Pou Rasanble Prèv Konsènan Yon Agresyon Seksyèl, Pati A a*. Mwen konprann sa ka vle di y ap mande m enfòmasyon konsènan dosye medikal pèsònèl mwen, egzamine m pou chèche blesi oswa lòt pwoblèm medika l ki ka genyen, epi pran echantiyon pou prèv. Mwen ka chwazi tou pou m bay konsantman pou yo pran foto blesi yo, si gen bezwen pou sa. Y ap itilize prèv la si m vle rapòte krim nan bay otorite ki la pou fè respekte lalwa.

Mwen konprann mwen k adi no nan nenpòt oswa tout pati nan egzamen sa a ak lè y ap rasanble prèv nan moman sa a. Founisè a di m ki m dwa m genyen lè l banm yon kopi nan "Deklarasyon Dwa Moun Ki Viktim Agresyon Seksyèl Pou Eta Nouyòk" la e li pwopoze m pou l eksplike m li.

Tanpri mete inisyal ou bò kot chwa w la:

Rasanble Prèv Wi _____ Non _____

Foto Wi _____ Non _____

... kontinye nan Paj 2

Daprè lwa Eta Nouyòk la, gen vèsyon dokiman sa a ki tradui ki disponib nan lang yo chwazi yo sou <https://www.criminaljustice.ny.gov/evidencekit.htm>

Konsantman pou Pataje oswa Konsève Prèv Konsènan Agresyon Seksyèl

Mwen ka deside fè otorite ki la pou fè respekte lalwa yo konnen sa k rive m nan e ba yo enfòmasyon ak prèv yo rasanble. Prèv yo ka gen ladan yo *Bwat Zouti Ki Gen Tout Prèv Yo Rasanble Konsènan Yon Agresyon Seksyèl, Pati A a, Bwat Zouti Ki Gen Tout Prèv Yo Rasanble Konsènan Yon Agresyon Seksyèl, Pati B*, foto, ak/oswa lòt objè pèsònèl yo rasanble pandan egzamen an. Otorite ki la pou fè respekte lalwa yo ap bay echantiyon san ak pipi m nan yon laboratwa legal pou yo ka egzamine yo.

Oubyen, mwen ka deside mwen pe vle mete otorite ki la pou fè aplike lalwa yo okouran oswa pèmèt yo ba yo prèv mwen yo ak enfòmasyon yo rasanble yo. Yo di m y ap konsève prèv yo rasanble yo an sekirite pandan 20 lane. Mwen pa vle yo bay otorite ki la pou fè respekte lalwa yo prèv mwen yo pandan peryòd 20 lane y ap konsève yo a, aprè sa y ap elimine yo konfòmman ak lwa eta ak lwa lokal yo.

Mwen konprann mwen ka chwazi pataje prèv mwen yo ak otorite ki la pou fè respekte lalwa yo nenpòt lè jiskaske yo elimine yo. Pou m pataje prèv mwen yo, mwen ka kontakte founisè medikal ki te rasanble yo a, otorite ki la pou fè respekte lalwa yo, pwogram èd pou moun ki viktim yo, oswa etablisman ki konsève yo an sekirite a. Si y ap deplase prèv mwen yo, e anvan yo elimine yo, yon moun ap fè tout sa l kapab pou l mete m okouran.

Mwen konprann y ap voye rad mwen ak lòt objè pèsònèl yo rasanble kòm prèv yo ban mwen si m mande yo.

Tanpri mete inisyal ou bò kot chwa w la:

Mete Otorite ki la pou fè respekte lalwa yo okouran Wi _____ Non _____

Pataje Prèv yo ak Otorite ki la pou fè respekte lalwa yo Wi _____ Non _____
(Si repons lan se non, y ap voye prèv yo nan yon kote pou konsève yo pandan lontan)

Pataje Foto ak Otorite ki la pou fè respekte lalwa yo Wi _____ Non _____

Pataje Lòt Objè (Presize) _____ Wi _____ Non _____

Moun k ap bay konsantman an se: Pasyan an Paran Pasyan an Moun Responsab Pasyan an

Yon lòt moun (Di kiyès): _____

Siyati Moun ki bay otorizasyon an Non ki ekri ak lèt detache Dat

Siyati Founisè Medikal la Non ki ekri ak lèt detache Dat

Siyati Entèprèt la (si genyen) Non ki ekri ak lèt detache Dat

Distribisyon: Orijinal la ret nan dosye medikal pasyan an; Kopi pou pasyan an;
Kopi pou otorite ki la pou fè respekte lalwa, si y ap okouran

Pa mete fòmilè konsantman an nan Pati A Bwat Zouti a

Daprè lwa Eta Nouyòk la, gen vèsyon dokiman sa a ki tradui ki disponib nan lang yo chwazi yo sou <https://www.criminaljustice.ny.gov/evidencekit.htm>